Район ГIуцIаралдасан 90 сон
Гъачагъал щущахъ риххизаруралдасан 20 сон

Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

№ 37 (10038) | 19 июль | Рузман | 2019 сон

*АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЪА-БАХЪИНАЗ 20 СОН ТIУБАЯЛДЕ*

# Рагъуй къали бухуге

## *Халкъазда гьоркьосел террористаз Дагъистаналде гьужум гьабуралдаса 20 сон ана*



***Юсуп ШагIбанов гьавуна 1954 соналда Шодрода росулъ. Росдал школалда микьго классги лъугIизабун, цIалана Болъихъ росдал интернаталда ва АнсалтIа росдал школалда. ЛъугIизабуна ДГУялъул физикаялъулги экономикиябги факультетал. ХIалтIана РахатIа росдал школалъул директорлъунги, «Ч1ик1аб ГЭСстроялда» отделалъул начальниклъунги, экономикаялъул ва промышленносталъул министерствабаздаги. 2009 соналда цIидасан гIуцIана СКФОялъул Ралел бакIазул махщелчагIазул гильдия. 2018 соналде щвезегIан Юсуп хIалтIана рехсараб гильдиялъул страховияб компаниялъул директорлъун. Сахлъи загIиплъиялда бан, гьабсагIаталда хIалхьиялда вуго. 1999 соналда гьев хIалтIулев вукIана ДРялъул росдал магIишаталъул ва промышленносталъул министерствоялда отделалъул начальниклъун. ВукIана МахIачхъала шагьаралъул собраниялъул депутатлъунги.***

**1999 соналда Чачаналъул ракьалдасан Дагъистаналъул гIорхъиги бахун, магIарул росабалъе рачIана халкъазда гьоркьосел террористазул къокъаби. АхIичIого рачIарал «гьалбадерие» мустахIикъаб жавабги кьуна магIарулаз. Гьезда гьоркьов вукIана Болъихъ районалъул Шодрода росулъа Юсуп ШагIбановги. Гьесул ракIалдещвеял кьолел руго гьанир.**

### Байбихьана ракIалдаго гьеч1ого

1999 соналъул анкьабилеб августалда, радал сагIат анлъго тIубараб гIужалда дихъе телефоналдаса кIалъана «Ч1ик1аб ГЭСстрой» ОАОялъул ДРСУялъул начальниклъун хIалтIулев вукIарав дир вац ГIали. Гьес бицана нолъ Шодродеги мадугьалихъ ругел росабалъеги рачIун ругин яргъид гIуцIцIарал къокъаби. Гьелгун дандчIван руго радал магъилъе боцIи гъезе унел руччаби.

ХIукму гьабуна вацасул х1алт1улаб кабинеталде ракIаризе шагьаралда ругел киналго гIага-божарал. Мажлис нухда бачине тIадкъана Татаюрталъул кормосовхозалъул директорлъун вукIарав МухIамад ПатхIулаевасда. Росулъ ккара-таралъулги гьаризе бегьулел тадбиразулги хIакъалъулъги бицун, нижеца щивасда тIадкъана бат1и-бат1иял масъалаби. Цоязда тIадкъана росуцоял эхе рачине транспорт балагьеян, кIиабилезда – эхе щварал гIадамазе рещтIине бакI балагьеян, лъабабилезда – ярагъ бичун босиялъул тIалаб гьабеян абун. Дицаги ПатхIулаевасги хIаракат бахъизе кколаан республикаялъул Пачалихъияб советалъул председатель МухIамадгIали МухIамадовгун дандчIвазе. Нижер хIинкъи букIана, ярагъгун эхеде унаго, нухда нижер машинаги чIезабун, бандитазе кумекалъе унел чагIи ругин абун, низам цIунулел идарабазул хIалтIухъабаз яги аскарияз квалквал гьабизе рес бук1иналда.

Дунги ПатхIулаевги ана М.МухIамадовасухъе. Гьесул букIараб хIалалъул хIакъалъулъ бицун бажариларо. Нижер мурад бицараб мехалда, гьес жиндихъего ахIана МухIу ГIалиевги (ДРялъул Халкъияб собраниялъул председательлъун вукIарав), Хизри ШихсагIидовги (ДРялъул хIукуматалъул председательлъун вукIарав), АхIмаднаби МагьдихIажиевги (ХIинкъигьечIолъиялъул советалъул секретарьлъун вукIарав) ва байбихьана гIакълу дандбазе. Дица цIидасанги бицана нижер мурад. РакIалде щола Пачалихъияб советалъул председателас абурал рагIаби: «Гьал руго хIалчIахъадал! Ахирисеб гIака бичунги, босе ярагъ. Бице гьазул хIакъалъулъ телевидениялдаса…», - ан. ГьебсагIатго хIукуматалда тIадкъана, Болъихъ районалдаса эхе рач1унел гIадамазе жанир ч1олел бак1азе санаг1алъи гьабеян, МагьдихIажиевасда лъазабуна, нижер машинабазул номералги росун, ГАИялъе буюрухъ кьеян, нухда квалквал ккезе течIого, росулъе ине рес кьеян абун. МухIамадгIалил кабиналдаса къватIире лъугьунаго, АхIмаднабица дида абуна: «Юсуп, дида бичIчIула нужер бугеб хIалги мурадги. Амма, гьарула нужеда: рагъулъе лъугьунге. Гьел бандитал руго рагъуе лъикI куцарал ва рагъул хIалбихьи щварал. Ричанте гьелгун рагъизе милицияги аскариялги – гьеб ккола гьезул масъала. Нужеца хIаракат бахъе гIадамазул тIалаб гьабизе», - ян. Доб заманалда гьел рагIаби дир рекIелъ къана ва рокьичIо. Амма гьоркьоб заман индал, дида цIакъ лъикI бичIчIана гьезул магIна.

Гьебго къоялъ ниж щвана районалде. Нухда дандчIвана районалъул росабалъа гочунел гIадамал. Гьел рихьигун, дир вац ГIали кIалъана «Ч1ик1аб ГЭСстрой» ОАОялъул начальник Н. ГIалиевасухъе ва, гьесулгун гIакълуги дандбан, ДРСУялъул диспетчеразул хъулухъалъул нухмалъулев Ш. Батиров витIана Шамилхъалаялде – районалдаса гIадамал раччизе автобусазда хадув.

### ЩIунилищ, рехунтелищ?

Бакъанида щвана ниж Болъихъе. Рилълъана районалъул администрациялде, амма гьений ятана гIицIго секретарь. Нижеда абуна, киналго данделъиялде ун ругилан абун. Администрациялъул хIалтIухъабиги ралагьичIого, ниж рилълъана аэропорталде. Гьениб букIана аскариязул часть ва гьенисан унаан бандитаз ккурал РахатIа, АнсалтIа, Шодрода, Зибирхьали росабалъе шагьранухги. Аэропорталда нижее нух къана аскарияз. Кинниги, дунги, эбел-инсуда хадув унев Зибирхьали росулъа МутагIил Къурбановги, районалда бугеб хIалалъул халгьабизе вачIарав транспорталъулаб милициялъул хIалтIухъан ХIабиб ГIабдулкъадировги рорчIана Шодрода росулъе. Гьенире унаго, кIкIалабахъги гохIал-щобаздаги нижеда рихьана яргъид гIуцIцIарал къокъаби. РакIалде кколаан, гьезухъ камураб ярагъго батиларин абун. М. Къурбанов ана Зибирхьаливе, дун Шодродаго чIана.

ГодекIанир ракIарун рукIана гIемерал бихьинал. Дица гьезда цIехана кин-щиб ккарабилан абун ва загьир гьабуна хехго гIадамал росулъа гочинариялъе тадбир гьабизе кколин абураб пикру. ГIадамал рукIана рихха-хочун: кин рехун телеб хур-ах, мина, мулк, боцIи абураб суал букIана щивасул кIалдиб.

*( Ахир 2 гьум.)*

# Рагъуй къали бухуге

***Халкъазда гьоркьосел террористаз Дагъистаналде гьужум гьабуралдаса 20 сон ана***

*(Авал 1 гьум.)*

Гьеб мехалда дица гьезда бицана Хасавюрт районалъул Первомайское росулъ ккараб жоялъул хIакъалъулъ. «МахIачхъалаялдаги цогидал шагьараздагун гIатIиракьалъул росабалъ гIумру гьабулел росуцоял рачIун руго, кодоб ярагъгун, хъачагъаздаса росу цIунизе. Рокъоб ярагъги росу цIунизе гьираги бугев чи чIезе бегьула гьанивго, амма щивасда бичIчIизе ккола: гьанир чIарал киналго чIвазеги бегьула, къваригIуна нилъедаса хадуб росу цIигьабун бажарулел гIадамалги. Руччабиги лъималги ритIизе ккола МахIачхъалаялде. КватIичIого тIаде щвезе руго автобусал ва МахIачхъалаялдаги гьанисан рачIунел гIадамал къабул гьаризе хIадурлъи гьабулеб буго – гьезул тIалаб гьаби тIаде босун буго республикаялъул хIукуматалъ», - ан бицана дица.

Гьелдаса хадув дун ана дирго эбелалъухъе. Гьенир рукIана дирго лъималги. Гьездаги лъазабуна, эхе гочине хехго хIадурлъи гьабеян абун. Дун вахъана годекIаниве. Гьеб цIезабун бугоан МахIачхъалаялде рахъине къачIарал росуцояз. Руччабиги, хералги, лъималги – киналго ратана гьенир. Дида ракIалде ккана, дихъа бажаранин росулъа гочине кколин абураб пикру гIадамазда бичIчIизабизе. Амма хадуб баянлъана: дун эбелалда аскIов вукIараб заманалда росдал чIахIияз хIукму гьабун букIун буго, росу цIуниялъул ишги жибго тун, киналго эхе гочине, щайгурелъул хъачагъазул къуват цIикIкIараб букIун. Дидаги абуна, цадахъ эхе вильлъаян, жидеда лъаларин, лъихъ жал рещтIине бегьулелалиян абун. Гьеб дида бицунебгIан заманалда жаниб росу къотIун унев вукIана кIиго гIарабияв: тIолабго черхалда жемун ругоан патирабиги, кодор ругоан пулеметалги. Дица ХIабибида абуна, рачIа, гьев кIиявго хъачагъ чIвазеян абун. Амма гьес дун лъалхъизавуна, цин росулъа гIадамал ун рахъинегIан чIаянги абун. Росулъа киналго автобусал къватIире араб мехалда, Шодрода хутIана ригь арав 26 бихьинчи. Гьезда гьоркьов вукIана дир имгIалги. Гьез абуна, хвезе гIагарлъунги ругин жал, рижараб ракьалдаса хIетIеги чIеларин абун. Гьеб заманалде бандитазул лъалкIго тIагIана. Росу тун рикIкIаде ана гьел.

**Штаб гIуцIцIи**

Хадусеб къоялъ районалъул администрациялъул минаялда цере ракIарана щибаб росдал вакилзаби. Районалде бандитаз гьужум гьабураблъи лъараб мехалда ракIалъе хIалхьи гьечIолъиялъ ахIун ругоан гьел киналго райцентралде. Щиб гьабилебали лъалеб гьечIоан цонигиясда. Дица абуна, стадионалде рилълъаян абун. Гьениб тIобитIана мажлис. Гьабуна хIукму: щибаб росдал жигарав хIаракатчи гьорлъ вугеб штаб гIуцIцIизе. Штабалде рищана: Шодродаса – кормосовхозалъул директор МухIамад ПатхIулаев (жакъа Болъихъ районалъул бетIер), ДРСУялъул начальник ГIали ШагIбанов, ДГУялъул экономикияб факультеталъул декан Камил Камилов; АнсалтIаса – ДГПТИялъул преподавателал ХIажи ва ГIарцулав МухIамадовал (вацал), ДГУялъул проректор МухIамад ГIабдусаламов, МахIачхъала шагьаралъул администрациялъул финансазул управлениялъул начальник АхIмад МухIамадов; РахатIаса – ДРялъул финансазул министрасул заместительлъун вукIарав (жакъа министр) Юнус СагIадуев; ТIандоса – республикаялъул налогазул инспекциялъул хIалтIухъан СугIайп МутIиев; Гьодобериса – школалъул учительница Сакинат ГьитIинова; МигIарсоса – предприниматель Зубаир ГIусманов; Зибирхьалиса – предприниматель МутагIил Кьурбанов. Дунги вищана штабалъул начальниклъун.

Штабалъ гьебсагIатго байбихьана, лъица щиб гьабизе бугебали мухIкан гьабизе. Районалдаса гочун унезулги районалде рачIаразулги тIалаб гьаби, районалъул ракьал цIунизе гьира бугезулгун хIалтIи гIуцIцIи, аскариязулгун бухьен гьаби, аскариялгун ополченцал кваназари – гьел киналго рахъазул жавабчилъи тIадкъана штабалъул членазда. ХIукму гьабуна дунги штабалъул жеги анлъго чиги (республикаялъул власталъулгун бухьен бугел) МахIачхъалаялде ритIизе. М. ПатхIулаевги дир вац ГIалиги районалдаго чIана, гIадамазулгун тадбирал гIуцIиялъул мурадалда.

МахIачхъалаялде щварабго, Дагъагропромалъул начальник Хелекьуриса ИманшапигI МухIамадовас кьуна штабалъе рукъ. Хадубккун гьес кьуна нахъарукъзалги (хIажатаб къайи жаниб лъезе). Штабалъ байбихьана тахшагьаралдеги цогидал бакIаздеги рачIарал гIадамазул тIалаб гьабизе. ТIоцебесеб иргаялда, телевидениялдасанги цогидал СМИяздасанги нижеца киназдаго лъазабуна штаб гIуцIцIун бугин ва бицана гьелъул адресгун телефоналги. Байбихьана гьенире рачIине гIадамал. Гьезул масъалаби рукIана батIибатIиял – жанир рукIине бакI балагьиги, гIагарал чагIи рещтIараб бакI цIехейги. РакIалда буго, цо чагIазул лъимал нижеда ратана Астраханалда. МагIарухъа гочунаго, гIемер рихха-хочиялъ, батIи-батIиял бакIазде ккун рукIана цого хъизамалъул гIадамал.

Штабалде рачIунаан кумек гьабизе бокьаралги. ТIоцее нижехъе ячIана цо херай гIадан – чадил буханкаги, чаялъулги чакрилги къучIбиги росун. ВачIана цо гIолохъанчиги 10 азарго гъурушги босун. Жиндирго цIарги бицинчIо гьес. Кумек гьабулеб букIана тIолабго улкаялъги, халкъазда гьоркьосел гIуцIабазги, регионазул бутIрузги. Халкъалъ рачIарал кванил нигIматалгун, штабалъул членал щибаб къоялъ щолаан шагьаралде гочине ккарал гIадамазухъе.

Байбихьана нижехъе хьвадизе Россиялъул ва къватIисел улкабазул СМИязул журналисталги. Цо нухалда немцазул журналистас дида гьикъана: «Кин нужеца хIехьолел рижараб ракьалде бомбаби ралеблъи? Экологияб катастрофа гурищ гьеб?» - ан абун. Дица гьесие жаваб кьуна, экологияб катастрофа кколин гьадал хъачагъалги террористалги нижер ракьалде рорчIи. Гьел рачIинегIан, нижер букIанин ракълилаб, парахатаб ва берцинаб гIумру. Гьел нахъе рачахъи бугин гьабсагIаталда нижеда цебечIараб аслияб масъалаян. Кин гьес гьеб гара-чIвари къват1ибе кьурабали лъаларо, амма гьелдаса нахъе дагьлъана нижехъе рачIунел рукIарал къватIисел улкабазул журналистазул къадар.

Штабалъул членал гьоркьоса къотIичIого унаан районалде, гуманитарияб юкги баччун.



Гьел чанцIулго ккана кьвагьа-г1анхъиялде гьоркьеги вагIахьаллъизе ккана батIи-батIиял лъугьа-бахъиназулъги. Дунгоги, гIагараб Шодроде росулъе унаго, ТIандо росдада гIагарлъухъ, ХIамилгIин абураб бакIалдаса букIараб кьвагьа-г1анхъиялде гьоркье ккана. Машинаялъул бетIергьан К. СагIидовги дунги гьебмехалда рахчана нухлул рагIалда батараб кIудияб ганчIида нахъа. Гьениса нахъе ине рес щвана гIицIго рукIкIараб заманалда. Машинайин абуни бухIана.

Улкаялъул тарихалъул цIияб гьумер

Россиялъул аскариязул бажариялдалъун, хъачагъал нахъекъазе байбихьана. Росабазул жамагIатаз гьарулеб букIана, сундаго барахщичIого, кьвагьдеян, росаби чIунтаниги кIваричIин, цоники хъачагъ ворчIизе тогеян абун. Амма аскариязе батIияб буюрухъ букIун батила, хъачагъал рорчIизе тана.

Рагъулал лъугьа-бахъинал лъугIун хадубги нижер штабалъ гьабуна гIемераб хIалтIи – рецIалил гIарац щвеялъул мурадалда, рагъ сабаблъун мулкалдаса махIрумлъиялъул хIакъалъулъ документал хIадуриялде гIунтIун.

Улкаялъего зах1матал дол хIалуцарал къоязда ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ гIезегIан макъалабиги тIахьалги хъван руго, амма нижер штабалъул хIаракаталде кIваркьурав чиго ккечIо. Бицине жони гIемер буго… Абизе бегьула, ХIамидов ГIабдулагьица хъачагъазде кьвагьиялдасаги нилъер жамагIаталъул кьварараб цолъиялдасаги байбихьанин Россиялъул цIияб тарихилан.

Рагъулал лъугьа-бахъинал лъугIун хадуб, гIезегIан чиясе кьуна шапакъатал. Амма дица абила: шапакъатазе мустахIикъаб букIана тIолабго район. Нижеца доб заманалда пикруго гьабичIо шапакъатазул, щивас тIубазабулеб букIана жиндаго тIадаб борч. Цо нухалда штабалде вачIана дол соназда районалъул бетIерлъуда вукIарав М. ГIумархIажиев. Нижеца гьабураб хIалтIи бихьараб мехалда, гьев виххун ккана ва гьес абуна, районалъул нухмалъиялда тIадаб иш гIуцIун бугин нужецаян. РагIиги кьун букIана штабалъул тIолалго членазе шапакъатал кьезе. Цо-цоязе гьел щвезеги щвана.

**<<ХIакъикъат>>**
газеталдаса босараб

# РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛЪ ЧЕМПИОН КIОДО ГЪАВУНА



15 июля 2019 года в администрации МР «Ботлихский район» состоялась встреча с чемпионом России по вольной борьбе 2019 года Гаджи Набиевым.

Глава района Магомед Патхулаев поздравил чемпиона с успешным выступлением, и выразил уверенность в том, что успехи Гаджи Набиева станут стимулом и примером подражания для всей молодежи района.

«Молодой и перспективный борец Гаджи Набиев— это спортсмен из разряда тех, кто силен не только физически, но и морально. Мы очень надеемся, что он будет радовать нас и дальнейшими победами. Хочу поблагодарить родителей, воспитавших такого прекрасного сына, тренерский состав и всех, кто приложил руку к его подготовке. В нашем районе созданы все условия и возможности для развития физической культуры и спорта. Мы делаем и будем делать все, чтобы наши спортсмены ни в чем не нуждались. Желаю покорения новых спортивных вершин, здоровья и всего наилучшего!», – подчеркнул он.

Также поздравили с победой и пожелали дальнейших успехов чемпиону начальник отдела по ФКСДМ и Т администрации МР «Ботлихский район» Темирхан Дибиров, председатель Собрания депутатов МР «Ботлихский район» Магомеднаби Омаров, руководитель аппарата администрации МР «Ботлихский район» Ахмед Лабазанов. Они отметили, что нет предела радости болельщиков за Гаджи Набиева, который показал настоящий спортивный дух.

В свою очередь Гаджи Набиев поблагодарил руководство района за внимание и поддержку и заверил, что постарается и впредь радовать жителей района более высокими достижениями.

В заключении администрацией района ему было вручено денежное вознаграждение.

**пресс центраялъул баян**

*АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЪА-БАХЪИНАЗ 20 СОН ТIУБАЯЛДЕ*

# РАКIАЛДЕ ЩВЕЗЕГИ КIОЧОНГУТIИЗЕГИ…



ХIурматиял гьалмагъзаби, дир пикру ккана гьаб макъала хъвазе рагъул кьогIлъи щиб кколебали бичIчIизе гIун бачIунеб гIелалда ва гьединго чIахIиязда ракIалде щвезеги кинаб къварилъи нилъеца баччарабали гIагараб ракь цIунулаго.

ГIадамазул цоцадехун бугеб адаб-хIурмат цIуни чучлъулеб бугин кколеб буго.

Рагъул тIоцебесеб къо букIана Ш. Басаевас рачун, халкъалда гьоркьоб гIуцIцIараб террористалгун АнсалтIа росулъ рещтIен гьабидал. Дир ясалъ ахIана радал хехго росу цIун батанин рагъухъабаз, гIадамал боцIуде рахъиналде ва гIодун биччала кире тIуризе ругел абун суалги кьун.

Гьей йикIана лъимер гьабизе заман тIаде щолеб гIужалда. Ш. Басаевас изну кьунани жий тIаде щвезегIанги чIаян гьарана гьелъ. Гьедин букIизе бугеб лъалеб букIана. Террористал Чачаназул магIарда рещтIун ругин информация кьолеб букIана органазул жавабиял хIалтIухъабаз, амма щайха гьенирго гьел тIагIизе гьарурарел абун гьикъидал, буюрухъ гьечIилан улкаялъул нухмалъулез жавабги кьолеб букIана, кинго ракIалде кколеб букIинчIо унго-унгояб рагъ букIинин нилъер ракьалдаян.

Дун ясги ячун больницаялде ана, амма гьенир ниж къабул гьаричIо, родильнияб отделениялдаги госпиталь рагьун бугин, лъукъарал солдатал къабул гьаризеян. Ине ккана МахIачхъалаялде ва гьений гьейги рещтIизе гьаюн хехаб хIалалъ ана нижерго Министерствоялде ва бицана Зикрула Ильясовасда (министр труда и социального развития) гьаниб районалда бугеб ахIвалхIалалъул.

РекIее захIматаб хIал гьабулеб букIана Басаевас изну кьун риччарал херал, руччаби, инвалидал, лъимал лъелго, (гъоб заманаялъ машинаби цIакъ дагъал рукIана) рачIунел рихьидал. Болъихъ щведал гьез гьикъулеб букIана гьанже нилъеца щиб гьабилеб, кире ине кколел абун, амма жаваб щолеб букIинчIо ва халкъалъ нух босана Мунире, ГIортIаколоре, Кьохъе.

Гьедин бицидал министрас дида гьикъана, гьабсагIат бищун хIажатаб щибан? Дица гьеда гьарана гьел росабалъе чедги, чакарги битIеян.

3-4 моцI букIана пенсия, пособие бачIинчIого. ГIадамазда кисиниб щибго гIарац букIинчIо. Ко-до-кодор лъималги ккун, чIартил чIунтарал тапочкабиги ретIун гьабизе жо лъаларого руго гьел, абун дир цIакъ ракI тIеренлъана ва гьес абуна гьанире раччизе тIалаб гьабилин.

Дагь-дагьккун байбихьана руччаби кодор ва квер ккун лъималгун МахIачхъалаялъул асліяб майданалде рещтIизе ва дунги гьезие кумекалъе гьение йитIана.

Нижеда ракI гурхIун, аскIоре рачIунаан шагьаралъул гIадамал, босулаан нижее пирожкаби, мороженное ва кIвараб кумек гьабулаан.

ЗахIмат букIана лагеразда гIадамал щвезе гьаризе, гьенир ратулароан хIажатал шартIал ва ниж нахъеги майданалда тIад руссунаан.

МахIачхъалаялъул Центр соцобслуживаниялдеги ун дица гьарана нижее кумек гьабеян ва ахIана РГВК (телевидениялда) рачIаян нижеда гIенеккизе.

Гьениб дица бицана бугеб хIакъикъат ва гьарана дагъистаналъул халкъалда, нижее кумек гьабеян. Жиб-жиб шагьаралде ва районазде рачIун ругин беженцал абун. Гьезул захIматаб хIалги бугин, пособие пенсия бачIинчIого моцIалги ругин ва магIарулал цIакъ намусал рукIунин халатккун гьоболлъухъ рукIинеянги.

Хадусеб къоялъ гIемер халкъ бачIана квербакъизе. ТIоцее ячIана йикIарай нижер министр П.К. Багандова кIудияб квербакъигун. Халкъалъ баччана ретIелхьит, кванил нигIматал, къачIана лагерал, гIемерго бигьалъана росаби тезе ккаразул гIумру.

КигIан хадур рахъаниги щвезабизе кIвечIо статус беженцев. Миграционнияб политикаялъул нухмалъулев вукIана Ражаб ГIабдулатIипов. Чияр пачалихъалде тIуранани кьолин статус, гьечIонани кколарилан бачIана гьесул жаваб ва амма цониги нухалъ вачIинчIо беженцалгун дандчIвазе.

1999 сон букIана мискинаб, гIадлу чучлъараб, Березовскиясе бетIер къулараб, ритIухълъи батулареб. Бищун захIматаблъун дица рикIкIула ресукълъи, чияр цIобалде ккей.

Гьелъха кидагIаги цIодорав чияс ахIулеб «рухIалда рукIадго магIишат гьабе»-ян, ккараб къоялъ кодоб босизе. Нилъ ругьунал руго гьал согIал мугIрузда гIумру-яшав гьабун, нилъер рес буго боцIухъанлъиялъул, ахихъанлъиялъул хIалтIаби гьаризе. ХIукуматалъ хIалтIи кьезегIан, херазул пенсияги кванан рукIине бегьиларо. КIодолъидал, херлъидал захIмалъула гIумру-магIишат гьабизе. ГIурусаз абулаан: «Всему своё время».

Террористазда ракIалда букIана нилъ жидехъе кверде рачIинин, захIматаб гIумру-яшав бугелъул. Амма нилъеца бихьизе гьабуна нилъерго ВатIаналде бугеб рокьи , къуват, сахаватлъи.

Баракат лъейги кидаго нилъер гIумруялда. Дагъистан буго-«Алжан», гьаниб мугIрул, щобал, рохьал, лъарал, гIорал, ралъад, ракьал, гIатIилъи…

Цойги кинаб букIинеб лъикIаб ВатIан?

Амма гьаб тIолго Аллагьас нилъее кьураб берцинлъиялде рагIад рехулеб буго бикьа-хъамиялъ, хасго халкъалда тIад тарал, жидер нилъеца адаб-хIурмат гьабулел чиновниказ.

Цо гуронани гIумру гьечIолъи гьезда кIочолеб буго.

РакI-ракIалъ баркула юбилей, гьарула лъикIаб гIумру щивасе.

**П. ШАГЬРУДИНОВА.**

